әжайып шығармалар жүзеге келип халқымыздың руўхый дүньясын байытыўда, кеўил гәўҳарының нурын өткирлестириўде айрықша хызмет етти. Олардың мийнетлерин халқымыз бәрҳа қәдирлеп келди ҳәм буннан былай да қәдирлей береди.

**Әдебиятлар**


1. Ш.М.Мирзиёев «Бақсышылық өнерин және де раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-4320-санлы Қарары, 14.05.2019 ж.
2. Қ.Мақсетов «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар», «Қарақалпақстан»-1990 ж, 8-9 бб.
3. М.Нызанов «Қарақалпақлар», «Билим» баспасы, 2020 ж.
4. Ж.Шамуратов «Қосықлар ҳәм намалар», Нөкис-1995.
5. М.Нызанов, 402-404 бб.



**РЕЗЮМЕ.** Бул мақалада қарақалпақ халқының әзелден киятырған миллий музыка көркем өнериниң басламасы саналған бақсышылық өнери, ҳәм оны раўажландырыўға үлес қосқан бақсылар ҳаққында баян етиледи. Сондай-ақ, бақсышылық өнериниң әўладтан-әўладқа жетип келиўи, оның бийбаҳа өнер дөретпеси екенлиги ашып берилген. Халық аўызеки дөретпелери ҳаққында да пикирлер келтирилген.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье описывается искусство бакши, считающееся национальным музыкальным наследием каракалпакского народа, и бакши, внесшие большой вклад в его развитие. Также выясняется, что искусство дарения подарков передается из поколения в поколение и является бесценным шедевром искусства. Также высказываются мнения о фольклоре.

**SUMMARY.** This article describes the art of bakshi, which is considered the national musical heritage of the Karakalpak people, and the bakshi who made a great contribution to its development. Also, it is revealed that the art of gift giving is passed down from generation to generation, and that it is a priceless masterpiece of art. Opinions are also given about folklore.


# DAWÍS APPARATÍN RAWAJLANDÍRÍW PRINCIPLERI HÁM REZONATORLAR - DAWÍSTÍ KÚSHEYTTIRIWSHI ORGANLAR HAQQÍNDA


**Kulambetova Jańıl** – *oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so‘zlar:** xonanda, ovoz apparati, vokal, tovush, ovoz mashqlari, badiiy asar.

**Ключевые слова:** певец, звуковой аппарат, вокал, звук, голосовые упражнения, художественная работа.

**Key words:** singer, sound apparatus, vocals, sound, voice exercises, artistic work.


Xalıq óziniń basınan ótkergen hár qıylı tariyxıy waqıyalarǵa bay turmısın, ruwxıy kewil keshirmelerin hám psixologiyasın qosıqlar arqalı sáwlelendirgen. Adamlardıń hár tárepleme estetikalıq zawıqqa bóleniwine qosıqtıń tásiri oǵada kúshli bolǵan. Ápiwayı hám jaydarı sózlerden quralǵan qosıqlar barlıq waqıtta adamnıń ómirge, gózzallıqqa degen muhabbatın arttırıp, óziniń eń jaqsı ideyaları menen xalıqqa tárbiyalap keledi. Bunday qosıqlar Watandı qádirlewge shaqıradı, miynetke degen súyispenshilikti arttıradı hám júreklerde muhabbat sezimlerin oyatadı. Sebebi qosıq hám saz arqalı insan quwanıshın, shadlıǵın, qayǵısın, arzıw-ármanların, ishki sezimlerin, debdiwlerin shıǵara alǵan. Qosıq adamdı sıyqırlap alatuǵın kúshke iye ekenligi hámmege belgili. Sonlıqtan da sóz benen jetkere almaǵan názik oyların saz arqalı jetkergen.

Qosıq – (latınsha cantus, cantio, italyansha canzona, francuzsha chanson, inglisshe song, nemecshe lied) – vokal muzıkasında keńnen rawajlanǵan janr, sonday-aq, qosıq yamasa rechitativ shınıǵıwǵa arnalǵan poetikalıq shıǵarmanıń belgileniwi. Qosıq sóz hám muzıkalıq mazmunına (patriotlıq, lirikalıq, satiralıq, marsh, ayaq-oyın sıyaqlı taǵı basqa túrlerinde), faktura hám atqarıwshılar quramına (bir hám kóp dawıslı, jeke hám xor, saz ásbap járdeminde hám saz ásbapsız – qalalıq, kúndelikli, áskeriy h.t.b.) qaray dóretiledi. Qosıqtıń muzıkalı forması poetikalıq teksttiń mazmunı hám dúzilisi menen baylanıslı. Onıń keń tarqalǵan túri – kupletli forma. Qosıqlar jeke avtorlı hám avtorsız (umıtılıp ketken) bolıp ajıraladı. Mısalı, xalıq qosıǵı – awızeki sóz folklorınıń túri bolıp esaplanadı.[1,98]

Xalqımızdıń kóp jıllardan berli turmıs keshirmeleri menen sıbaylas bolıp kiyatırǵan, ruwxıy mádeniyatımızdıń altın miyraslarımızdıń biri – bul qosıq atqarıwshılıq bolıp esaplanadı. Xalqımızdıń bay ǵáziynesi bolǵan qosıqlar, elimiz arasında keń en jayıwı, sonday-aq, bizge shekem miyras bolıp saqlanıp keliw tariyxı hám olardıń búgingi kúnimizge shekem jetip keliwinde atqarıwshılardıń ornı girewli. Xalıq qosıǵı bul – úzliksiz jańalanıp baratuǵın háreketsheń material. Ruwxıy mádeniyatımızdıń ǵáziynesi sanalǵan bul qosıqlar, keleshek áwladqa jańasha oy-pikirler júritiw ushın túrtki boladı. Bul xalıq qosıqlarımızdıń bizge shekem jetip keliwinde, xalqımızdıń sheber atqarıwshılarınıń ornı girewli bolıp tabıladı.

XV-XVI ásirlerde kompozitorlar kóp dawıslı qosıqlardı túrli milliy variantlarda dóretken. XVII-XVIII ásirler aralıǵında bir dawıslı qosıqlar general-bas járdeminde atqarılıwı rawajlanǵan, al XVIII ásirdiń II yarımında fortepiano ásbabı, geypara waqıtları saz ásbap ansamblleri hám orkestr járdeminde atqarılatuǵın qosıqlar payda boladı. XIX ásirde kompozitorlardıń qosıǵı (romans) rawajlanǵan janrlardıń biri bolıp tanıladı. Olardan F.Shubert, S.V.Raxmaninov, R.Shuman, I.Brams, M.I.Glinka, A.S.Dargomıjskiy, A.P.Borodin, M.P.Musogskiy, P.I.Chaykovskiy. Qaraqalpaq muzıka kórkem ónerinde qosıq janrı úlken orındı iyeleydi. Xalıq qosıqlarınıń tiykarı uzaq ótmishke barıp taqaladı. Sebebi qosıqlardıń payda bolıwı hám janǵa jaǵımlı nama ırǵaqlarınıń estetikalıq bay mazmunǵa iye bolıwı bul óz-ózinen payda bolmaǵan. Vokal shıǵarmaları xalıqtıń turmıs tirishiligi menen birgelikte tıǵız baylanısıp rawajlanıp kelgen. Olar hár qıylı toy-tamashalarda, geshteklerde atqarılǵan. Bir awılǵa jıraw, baqsı, qıssaxanlar kelse alıs-jaqın awıllardan adam qalmay qurǵa jıynalǵan. Jıynalǵan jámáát milliy dóretpelerimiz bolǵan dástanlarımızdı, xalıq qosıqları menen namalarımızdı uyıp otırıp tıńlaytuǵın bolǵan. Mine usınday mádeniy demalıslar sol waqıttaǵı xalıq turmısında úlken tárbiya mektebi bolıw menen birge, olarǵa ruwxıy baylıq inám etken. Xalıq dóretpeleriniń hámmesi awızeki túrde áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa, alıs-alıs awıllardan izlep kelip ustaz-shákirt túsiw jolı menen biziń zamanımızǵa shekem jetip kelgen. [2,47-49]

Muzıka miyrasınıń dóretiwshileri, saqlawshıları, qosıqshılar, sazendeler hám de basqada xalıq dóretiwshileriniń wákilleri ásirler boyı xalıqtıń kórkem óner miyrasın esinde saqlap kelgen. Xalıq arasında muzıka ónerine degen qızıǵıwshılıq júdá kúshli bolǵanlıǵı sebepli, muzıka mádeniyatı jaqsı rawajlanıp kelgen. Xalıqta hár qıylı dárejedegi talant iyeleriniń dóretpeleriniń ishinde xalıq júreginen orın iyelegen shıǵarmalarınıń eń hasılları saqlanıp, usı kúnge shekem jetip, búgingi atqarıwshılardıń repertuarlarında tiykarǵı orınlardı iyelep kelmekte. Sebebi bul dóretpelerde ideyalıq mazmunı jaǵınan xalıqtıń aqıl-oyı, arzıw-ármanları, keleshekke bolǵan umtılısları sáwlelengen. Sonıń menen birge xalıq qosıqları xalıqtıń tariyx aynası bolıp, milletimizdiń ózligin ańlatıp turadı.

Qaraqalpaq xalqınıń kórkem óneri álwan túrli qosıqlarǵa hám hár qıylı awızeki dóretpelerine oǵada bay bolǵanlıqtan, kóp jıllar dawamında biybaha baylıqlarǵa iye bolǵan xalıqtıń turmıs tárizinen kelip shıqqan kewil keshirmelerin bildiriw menen birge tereń tariyxıy dereklerge iye. Sebebi xalıqtıń basınan ótkenleri xalıq qosıqlarında jarqın kórinislerin tapqan. Qosıqlarda ápiwayı xalıqtıń turmıs haqıyqatlıǵı anıq kórinedi. Awır dáwir waqtında dórelgen bunday hasıl dóretpeler óziniń qunın usı kúnge shekem joǵaltpaǵan. Xalıq óz qosıqlarına húrmet penen qaraǵan hám qádirlep saqlay bilgen. Ata-babalarımızǵa ruwxıy mádet baǵıshlaǵan awızeki xalıq dóretpeleriniń esap-sanı joq. Filologiya ilimleriniń doktorı N.Dáwqaraev «Qaraqalpaq xalqı - óziniń qayǵılı kúnlerinde de, quwanıshlı kúnlerinde de qosıqsız, saz-sáwbetsiz, awızeki poeziyasız jasay almadı»-dep jazǵan. [3,117]

Qosıq adamǵa tuwılǵan waqtınan baslap joldas bolǵan. Rus ilimpazı A.Belyaev 1903-jılı Sankt Peterburg Universitetinde 5-kurs studenti waqtında folklordı jıynaw hám izertlew jumısları menen qaraqalpaq awılların aralaǵan hám xalıqtıń qosıqshılıǵın kórip tań qalıp, olardı «Qaraqalpaqlar dala búlbúlleri»-dep atap ótken. Bul haqıyqatlıqtı kórgen ilimpazlar biziń xalqımızdıń qosıq penen tuwılıp, qosıq penen jasaytuǵınına hám qosıq penen dúnyadan ótetuǵınına tiykarlanıp aytqan. Qosıq xalıq turmısındaǵı hárqanday tariyxıy ózgerislerge qaramastan xalıqtıń ruwxıy baylıǵı bolıp xızmet etip kelgen. Kórkem óner xalıqqa zawıqlı ómir baǵıshlaw menen birge óziniń tınımsız miyneti arqalı jaqsı turmıs keshiriwge talpındırıp, ruwxıy jaqtan qollap quwatlap, arzıw-niyetlerine qaray jeteleydi.

Ses payda bolıwı dawıs apparatınıń háreketi nátiyjesinde ámelge asırıladı. Dawıs apparatı úsh bólimnen ibarat:

1. Dem alıw organları (ókpe, bronx, traxeya-talaqtıń dem alıw jolı)
2. Alqım (dawıs perdeleri jaylasqan bólim)
3. Rezonatorlar[1] (jutqınshaq, awız hám murın)

Ses bálent perdelerge kóterilgen sayın dawıs tesigi tarayıp baradı hám eń joqarı perde seslerine jetkende tesik jabıladı. Dawıs perdeleriniń uzınlıǵı hám qalıńlıǵı hár qıylı. Bas hám bariton dawıs perdeleriniń uzınlıǵı shama menen 22-25 mm, tenor hám mecco-soprano 18-22 mm, soprano 14-19 mm. Qalıńlıǵı da hár qıylı bolıp, sopranoda 5 mm den, baslarda 5 mmge shekem boladı. Ses terbelisiniń tezligi, yaǵnıy ses bálentligi dawıs perdeleriniń tartılıw dárejesi menen baylanıslı: terbelis qansha tez bolsa, ses sonsha joqarı perdelerge kóteriledi. Sestiń kúshli bolıwı, tiykarınan joqarı rezonatorlardan tańlaydıń keńeyiwi sebepli. Buǵan awız benen murında járdem beredi, sonday-aq olar tembrdiń qáliplesiwine de úlken tásir etedi. Rezanatorlar joqarǵı hám tómengi bólimlerden ibarat bolıp, olar dawıs perdeleriniń joqarısında hám tómeninde jaylasadı. Joqarǵı rezonatorlarǵa jutqınshaq, awız hám murın boslıqları, tómengi rezonatorlarǵa traxeya hám bronx boslıǵı kiredi. Qosıqshınıń dawısı ses kúshi, tembri hám bálentligi menen ǵana emes, bálkim diapazonı menen de ajıralıp turadı. **Diapazon**-bul qosıqshı dawısınıń eń tómengi sesti menen joqarǵı ses aralıǵı. Adam dawısınıń tolıq diapazonın registrlerge bóliw múmkin. Registr dawıs diapazonınıń bir bólegi bolıp, tembr hám ses jónelisiniń biri-biri menen jaqınlıǵı tiykarında anıqlanadı. Ádette, tómengi (kókirekten shıǵıwshı sesler), orta (aralas) hám joqarı (bas penen baylanıslı sesler) registrler qosıqshılıqta qollanıladı. [5,82-85]

Hayal-qızlar dawısı tómengi, orta hám joqarı registrlerge bólinedi. Er adamlar dawısı bolsa kókirek hám bas (falcet) registrlerine iye. Balalar dawısı kókirek, aralas (miksit) hám bas (falcet) registrlerinen ibarat. Balalar dawısı ushın bas registriniń bálent tasqınlanıwı tábiyiy hal bolıp esaplanadı.

1.Falcet-(it.falso-qálbeki). Lekin, ámelde miksit registri sesleri saqlanıp qaladı. Registrler shegarasında «ótkinshi sesler» bolıp, olarda dawıs apparatınıń qayta sazlanıwı bolıp ótedi. Tessitura-dawıs, qosıq partiyası yaki qosıq diapazonınıń bir bólegi bolıp, shıǵarmada eń kóp qollanılatuǵın sesler bolıp tabıladı. Tessitura pás, orta, joqarı bolıwı múmkin. Dawıstıń erkin hám tábiyiy shınıǵıwın orta tessitura támiyinleydi. Joqarı hám pás tessituralar qosıqshı ushın qıyınshılıq tuwdıradı, sebebi uzaq waqıt qosıq aytıw waqtında artıqsha kúsh sarplanadı hám dawıs sharshaydı.

Laringolog shıpakerlerdiń aytıwına qaraǵanda bul dáwirde qız balalardıń dawısı balalıq sesten kókirek sestine ótip bekkemlenedi. Sonda da bul degenimiz, qız balalarda mutaciya dáwiri ulıwma bolmaydı degen emes. Er balalarǵa baǵdarlanǵan rejim mutaciya dáwirinde qız balalarǵa da qollanıwı kerek. Balalardıń barlıǵında da dawıs apparatında fiziologiyalıq ózgerisler boladı. Biraq dawıs apparatı sistemalı túrde shuǵıllanıp turǵan bala ushın qolaysızlıq tuwdırmaydı. Balalıq dáwirden qáliplesken barlıq vokal uqıpları (artikullyaciya, dem alıw, dikciya, sesti hár qıylı alıp barıw) er adam dawısına aylanǵanda da saqlanıp qaladı hám jańa sharayatta qosıq aytıwdı jeńilletedi. Bunday dawıs uqubına iye balalar heshbir qıyınshılıqsız eki túrli dawıs penen onsha úlken bolmaǵan diapazonda qosıq atqarıwı múmkin: a) balalar dawısı diapazonında hám b) er adamlar diapazonında. Joqarıda aytqanımızday, mutaciya fiziologiyalıq kórinis sıpatında er balalar hám qız balalardıń barlıǵında da bolıp ótedi, biraq bul qubılıs qosıq aytıw imkaniyatları hár qıylı bolǵan qosıqshılarda túrlishe ótedi.

Dem aliw. Qosıq aytqan waqıtta, ses payda etkende qosıqshınıń durıs dem alıwı áhmiyetli bolıp esaplanadı. «Qosıq aytıw óneri-nápesti tuwrı jolǵa salıw óneridur»-degen sóz klassik ibara bolıp qalǵan. Qosıq atqarıwshılıǵındaǵı dem alıw menen fiziologiyalıq dem alıw arasında málim dárejede parıq bar. Fiziologiyalıq nápeste dem dem alıw hám demdi shıǵarıw anıq bir ritmde hám málim bir waqıt aralıǵında bolıp ótedi. Qosıq aytıw payıtında dem alıw tez, qısqa waqıt aralıǵında bolıp, hawanı shıǵarıw bolsa birqansha waqıtqa sozıladı. [6,92]

Diafragma adam organizminde kókirek hám qarın boslıǵın ayırıp turadı. Tómengi qabırǵalar hám diafragmalar járdeminde dem alıwda hawanı jutıw hám shıǵarıw diafragma arqalı tártipke salınadı. Bul mınanday boladı: qosıqshı gúl iyiskelep atırǵanday etip dem aladı. Bunda ókpeler keńeyip, tómengi qabırǵalardı eki qaptalǵa súrip qoyadı hám diafragma tómen túsedi, nátiyjede, qarın aldıǵa isip shıǵadı. Jelke hám kókirektiń joqarı bólegi bul jaǵdayda ózgermeydi. Dem alıw tereń, tolıq hám eń áhmiyetlisi, shawqımsız bolıwı kerek. Demdi shıǵarıw tejemli, uzaq múddetli, bir tegis bolıwı shárt. Demdi shıǵarıw qarın qabıǵınıń háreketi menen basqarılıp, hawa joqarıǵa háreketlenip dawıs perdelerin terbeliske shaqıradı. Tómengi qabırǵalar hám diafragma áste-aqırın óz halına qaytadı. [7,46]

Qosıqshınıń dem alıw usılı hám onıń túrleri. Qosıqshılardı durıs dem alıwǵa úyretiw qosıqta vokal ústinde islewde eń zárúrli shártlerden bolıp esaplanadı. Dem alıw qosıqta birgelikte bolıwı múmkin. Bunda qosıq qatnasıwshıları qosıqtıń frazaları basında, eki pawzalar waqtında birgelikte dem alıwı kerek. Eger de shıǵarmanıń mazmunına

qarap uzaq dawam etiwshi muzıkalı pikir bolsa, qosıqta úzliksiz ses esitiliwin támiyinlewshi «shınjır» usılındaǵı dem alıw qollanıladı. Bul jaǵdayda qosıqshılar gezeklesip dem aladı, yaǵnıy bir qosıqshı dem alǵanda basqaları aytıp turıw kerek. Dem alıp bolıp jáne qosıq aytıwǵa boladı, bilindirmey, áste-aqırınlıq penen qosılıw talap etiledi, bolmasa ansambl birligi joǵalıwı múmkin. Ayırım shıǵarmalar basınan aqırına shekem, **«shınjır usılında» atqarıwdı talap etedi.** Ses payda etiw. Joqarıda aytıp ótilgenindey, ses dem alıw hám dawıs apparatlarınıń háreketi nátiyjesinde payda boladı. Sestiń payda bolıw waqtı «ses hújimi» dep ataladı. Dawıs perdeleriniń háreketi, dem alıw shıǵarıwdıń kúshi hám xarakterine qarap ses hújimi qattı, jumsaq hám dem alıw alıwdan sońǵı hújim bolıwı múmkin. Sestiń jumsaq hújiminde dawıs perdeleri dem shıǵarıwdıń baslanıwı menen ashıladı.[8,55-56]. Shıǵıp atırǵan hawanıń dawıs perdelerine jeńil tiyip ótiwi nátiyjesinde júdá jumsaq, «iykemge keliwshi ses» payda boladı. Nápes shıǵarıwdan aldın dawıs perdeleriniń keskin jabılıwı nátiyjesinde qattı, hújim payda boladı. Bul jaǵdayda shıǵıp atırǵan hawa úlken basım menen dawıs perdeleriń kelip urıladı hám payda bolǵan ses qattı hám keskin xarakterge iye boladı. Dawıs apparatınıń hárbir bólimi bir-biri menen tıǵız baylanıslı. Ses tómendegi jol menen payda boladı: ókpeden shıqqan hawa aǵımı bronx, traxeya arqalı tamaqqa kelip sol jerde dawıs perdeleri tosqınına ushıraydı. Hawa basımı tásirinde dawıs perdeleri háreketke keledi, perdelerdiń tákirar ashılıp jabılıwı hám terbeliwi nátiyjesinde hawa tolqınları-ses payda boladı. Ses payda qılıw menen baylanıslı bolmaǵan ádettegi dem aliw alıw paytında dawıs perdeleri erkin halatta bolıp, hawa úsh múyeshlik formasındaǵı dawıs tesiginen erkin ótedi. [4,114]

## Ádebiyatlar


1. Abdullaeva U. “Bahasın joǵaltpaǵan namalar” monografiya «Fan ziyosi» nashriyoti, 2022
2. Allanazarov T. «Qaraqalpaq teatrı» Tashkent 1966
3.Адамбаева Т. Музыкальная культура каракалпакского народа до октябрьского периода. //АН КазССР. Ин-т литературы и искусства им. М.О.Ауэзова – Алма-Ата, 1967.
4. Аспелунд Д. Развитие певца и его голоса. -М.: МУЗ.ГИЗ, 1952.
5. Бризгалов И.О. Школа пения для баритона и баса. - .: Г.Гулям, 1987.
6. Бўриева К. Анъанавий хонандалик (аёллар овозлари учун). - Т., 2008
7. Khodjametova, Gulchira. "Dastans are the main genre of Karakalpak folklore." international journal of social science & interdisciplinary research issn: 2277-3630 Impact factor: 7.429 12.02 (2023): 52-54.
8. Xodjametova, Gulchira. "O'quvchi tarbiyasida individual yondashish samaradorligini oshirishi." Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры 3.1 Part 3 (2023): 101-105.
9. Вызго Т. Опера и музыкальная драма //в сб.: Музыкальная культура Сов. Узбекистана – Т., 1955.



**REZYUME.** Ushbu maqolada har bir qo‘shiqchining vokal harakatlarni sezgi organlari kompleksi boshqaradiganligi haqqida aytilgan. Shu sababli har bir xonanda nafaqat o‘zi chiqarmoqchi bo‘lgan jarangini ichki eshitish bilan eshitadi, balki sezadi ham. Har bir xonanda «vokal jaranginining tana sxemasiga» ega, unga turli organda va ovoz apparati qismlaridan turli sezgilar kiradi.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье говорится, что голосовые движения каждого певца контролируются комплексом органов чувств. Поэтому каждый певец не только слышит тот звук, который хочет издать, но и чувствует его. У каждого певца есть «схема голосового тела», включающая в себя разные ощущения от разных органов и частей голосового аппарата.

**SUMMMARY.** This article states that the vocal movements of each singer are controlled by a complex of sense organs. Therefore, every singer not only hears the sound that he wants to make, but also feels it. Every singer has a “voice body map” that includes different sensations from different organs and parts of the vocal apparatus.